# फिलिप्पियों के नाम प्रेरित पौलुस के पत्री

1 1यीशु मसीह के सेवक पौलुस, अउर तिमुथियुस के ओर
से, मसीह यीशु में स्थित, फिलिप्पी के रहे वाला सब संत
लोगन के नाम, जे ओइजा निरीक्षकन, अउर कलीसिया के
सेवकन के साथ रहेलन:
2हमनी के परम पिता परमेश्वर, अउर हमनी के प्रभु यीशु
मसीह के ओर से, तहनी लोग के अनुग्रह अउर शांति मिले।

### पौलुस के प्रार्थना

3हम जब-जब तहरा के याद करेनी, तब-तब परमेश्वर के
धन्यवाद देबेनी। 4आपन हरेक प्रार्थना में, हम हमेशा खुशी के
साथ, तहरा खातिर प्रार्थना करेनी। 5काहेंकि पहिले दिन से
आज तक, तू सुसमाचार के प्रचार में, हमार सहयोगी रहल
बाड़S। 6हमरा एह बात के पूरा भरोसा बा, कि उ परमेश्वर,
जे तहरा बीच में, अइसन नीमन काम शुरू कइले बाड़े, उहे
ओकरा के ओह दिन तक बनवले रखिहन, जब मसीह यीशु,
फेरु आके ओकरा के पूरा करिहन।
7तहनी लोग के बारे में, हमरा खातिर अइसन सोचल
ठीके बा। काहेंकि तू सब लोग, हमरा मन में बसल बाड़S।
अउर ना सिर्फ तब, जब हम जेल में बानी, बल्कि तबहूँ, जब
हम सुसमाचार के सच्चाई के रक्षा करत, उनकर प्रतिष्ठा
में लागल रहनी, तू सब एह विशेष अधिकार में, हमरा साथ
अनुग्रह में सहभागी रहल बाड़S। 8परमेश्वर हमार साक्षी
बाड़न, कि मसीह यीशु के जरिए, परगट प्रेम से हम, तहनी
सब खातिर बेयाकुल रहेनी।
9हम इहे प्रार्थना करत रहेनी:
तहार प्रेम, गहन दृष्टि अउर ज्ञान के साथ, लगातार बढ़े।
10ई गुण सब पाके, नीमन-खराब में भेद कइके, हमेशा नीमन
के अपना लेबS। अउर एह तरह तू, पवित्र अउर बिना पाप
के हो जइबS, ओह दिन जब मसीह अइहन। 11यीशु मसीह
के दया के पाके, तू बहुत बढ़िया काम करबS, जे कि प्रभु के
महिमा देबेलन। अउर उनकर स्तुति बनेलS।

### पौलुस के विपत्ति प्रभु के काम में मददगार

12हे भाई लोग, हम तहरा के बता दिहल चाहत बानी, कि
हमरा साथ जवन कुछ भइल बा, ओकरा से सुसमाचार के
बढ़ावा ही मिलल बा। 13नतीजा के रूप में, संसार के पूरा
सुरक्षा दल, अउर दोसर सब लोग के, ई पता चल गइल बा
कि, हमरा के मसीह के अनुयायी होखे के कारण ही, कैदी
बनावल गइल बा। 14एकरा अलावा, प्रभु में मौजूद ज्यादातर
हमार भाई, हमार कैदी भइला के कारण, उत्साहित भइल
बाड़े, अउर ज्यादा हिम्मत के साथ, सुसमाचार के, बिना डर
के सुना रहल बाड़न।
15ई सच बा कि, उनका में से कुछ, जलन अउर बैर
के कारण, मसीह के उपदेश देबेलन, बाकी दोसर लोग,
सदभावना से प्रेरित होके, मसीह के उपदेश देबेलन। 16ई
लोग प्रेम के कारण अइसन करेलन, काहेंकि ई जानत बाड़े,
कि परमेश्वर, सुसमाचार के बचाव करे खातिर ही, हमरा के
एइजा रखले बाड़न। 17बाकी कुछ अउर लोग तS, सच्चाई
के साथ ना, बल्कि स्वार्थ से भरल इच्छा से, मसीह के प्रचार
करेलन, काहेंकि उ लोग सोचेलन, कि एकरा से उ लोग
कैदखाना में, हमरा खातिर कष्ट पैदा कर सकिहें। 18बाकी
एकरा से कवनो फरक ना पड़ेला। खास तS ई बा, कि एक
तरीका से, चाहे दोसरा तरीका से, चाहे उद्देश्य खराब होखे,
चाहे नीमन, प्रचार तS मसीह के ही होखेला, अउर एकरा से,
हमरा आनन्द मिलेला, अउर आनन्द मिलते रही।
19काहेंकि हम जानत बानी, कि तहार प्रार्थना के जरिए,
अउर ओह मदद से, जे यीशु मसीह के आत्मा से मिलेले,
ओकर नतीजा में हमार रिहाई ही होई। 20हमार बहुत इच्छा
अउर उम्मीद इहे बा, अउर हमरा एकर विश्वास बा, कि हम
कवनो भी बात से निराश ना होखब, बल्कि पूरा निडरता
के साथ, जइसे हमरा देह से मसीह के हमेशा महिमा होत
रहल बीया, ओइसही आगे भी होत रही, चाहे हम जीहीं, चाहे
मरि जाईं। 21काहेंकि हमरा जीवन के मतलब बा मसीह,
अउर मौत के मतलब बा, एगो उपलब्धि। 22बाकी अगर
हम, अपना एह शरीर से, जिन्दा ही रहीं, तS एकर मतलब
ई होई, कि हम अपना कर्म के नतीजा के आनन्द लीहीं। एह
से हम ई नइखीं जानत, कि हम का चुनीं। 23दूनो विकल्प के
बीच चुने में हमरा परेशानी हो रहल बीया। हम अपना जीवन
से विदा होके, मसीह के पास गइल चाहत बानी, काहेंकि, उ
बहुत बढ़िया होई। 24बाकी एह शरीर के साथ, हमार एइजा
रहल तहरा खातिर ज्यादा जरूरी बा। 25अउर काहेंकि हम
ई पक्का जानत बानी, कि हम एइजे रहब, अउर तहनी सबके
आध्यात्मिक तरक्की, अउर विश्वास से पैदा आनन्द खातिर,
तहरा साथ रहते रहब। 26जवना से कि तहरा पास, हमरा

लवट आवे के नतीजा के रूप में, तहरा मसीह यीशु में स्थित हमरा पर, गर्व करे के अउर ज्यादा आधार मिल जाउ।

27बाकी हर तरह से अइसन करऽ, कि, तोहार आचरन, मसीह के सुसमाचार के लायक में रहे। जवना से, चाहे हम तहरा पास आके तहरा के देखीं, अउर चाहे तहरा से दूर रहीं, तहरा बारे में इहे सुनीं, कि तू एक ही आत्मा में मजबूती के साथ टिकल बाड़ऽ, अउर सुसमाचार से पैदा विश्वास खातिर, एकजुट होके संघर्ष कर रहल बाड़ऽ। 28अउर हम इहो सुनल चाहत बानी, कि तू अपना विरोधियन से कवनो तरह से डेरात नइखऽ। तोहार ई साहस, उनकर विनाश के सबूत बा, अउर इहे सबूत बा तोहार मुक्ति के, अउर परमेश्वर के ओर से, अइसने कइल जाई। 29काहेंकि मसीह के ओर से, तहरा के ना सिर्फ उनका में विश्वास करे के, बल्कि उनका खातिर, कष्ट सहे के भी खास अधिकार दिहल गइल बा। 30तू जानत बाड़ऽ, कि तू ओही संघर्ष में जुटल बाड़ऽ, जवना में हम जुटल रहनी, अउर जइसन कि तू सुनेलऽ कि आज तक हम ओही में लागल बानी।

### एकता के साथ, एक दूसरा के खयाल राखऽ

2 1फेरु तहनी लोगन में अगर मसीह में कवनो उत्साह बा, तऽ प्रेम से पैदा भइल कवनो सांत्वना बा, अगर आत्मा में कवनो भागिदारी बीया, प्यार के कवनो भावना अउर सहानुभूति बीया 2तऽ हमरा के पूरा तरह से खुश करऽ। हम चाहत बानी कि तू एक तरह से सोचऽ, आपस में एक जइसन प्रेम करऽ, आत्मा में एकता राखऽ, अउर एक जइसन ही लक्ष्य राखऽ। 3जलन अउर बेकार के घमंड से कुछ मति करऽ। बल्कि नम्र बनऽ, अउर दूसरा के, अपना से बढ़िया समुझऽ। 4तहरा में से हरेक के चाहीं, कि सिर्फ अपने नाऽ, बल्कि दूसरा के भलाई के भी ध्यान राखे।

### यीशु से नि:स्वार्थ भइल सीखऽ

5आपन चिंतन ठीक ओइसने राखऽ, जइसन मसीह यीशु के रहल।

6 जे अपना रूप में, ओइसे तऽ साक्षात परमेश्वर
रहलन, बाकी उ परमेश्वर के साथ आपन एह
बराबरी के कभी एकरा के बड़ा खजाना के जइसन,
ना समुझलन, जवना से कि उ सटल रहसु।
7 बल्कि उ तऽ, आपन सब कुछ त्याग के, एगो सेवक
के रूप ग्रहण कर लिहलन, अउर मनुष्य के जइसन
बन गइलन। अउर जब उ, अपना बाहरी रूप में
मनुष्य जइसन बन गइलन,
8 तऽ उ, अपने आप के नवा लिहलन। अउर अतना
आज्ञाकारी बन गइलन कि, अपना प्रान तक नेछावर
कर दिहलन, अउर उहो क्रूस पर।
9 एह से परमेश्वर भी, उनका के उँचा से उँचा जगह
पर उठवलन, अउर उनका के उ नाम दिहलन, जवन
सब नाम से उपर बा।
10जवना से कि, सब केहू जब यीशु के नाम के उच्चारण
होत सुने, तऽ नीचे झुक जासु।
चाहे उ स्वर्ग के होखसु, धरती पर के होखसु अउर
चाहे धरती के नीचे के होखसु।
11 अउर हरेक जीभ पर परम पिता परमेश्वर के महिमा
खातिर मंजूर करीं, “यीशु मसीह ही प्रभु हवन।”

### परमेश्वर के इच्छा के मुताबिक बनऽ

12एह से हमार प्रिय मित्र लोग, तू हमरा आदेश के, जइसे ओह समय पालन कइल करत रहलऽ, जब हम तहरा साथ रहनी तऽ अब जबकि हम, तहरा साथ नइखीं, तब तू अउर ज्यादा लगन से, ओकर पालन करऽ। परमेश्वर खातिर, पूरा आदर भाव के साथ, आपन उद्धार के पूरा करे खातिर, तू लोग काम करत जाऽ। 13काहेंकि उ परमेश्वर ही बाड़न, जे ओह काम के इच्छा, अउर उनका के पूरा करे के कर्म, जवन परमेश्वर के भावेला, तहरा में पैदा करेलन।

14बिना कवनो शिकायत चाहे लड़ाई झगड़ा कइले, सब काम करत रहऽ, 15जवना से कि तू, भोला भाला अउर पवित्र बन जा। अउर एह कुटिल अउर पथभ्रष्ट पीढ़ी के लोगन के बीच परमेश्वर के निष्कलंक बालक बन जा। उनका बीच अंधेरा दुनिया में, तू ओह समय तारा बन के चमकऽ, 16जब तू उनका के जीवन देबे वाला सुसंदेश सुनावत बाड़ऽ। तू अइसहीं करत रहऽ, जवना से कि मसीह के फेरु से लवटे के दिन, हम ई देख के, कि हमार जीवन के भाग दौड़ बेकार ना गइल, तहरा पर गर्व कर सकीं।

17तोहार विश्वास एगो बलि के रूप में बा, अउर अगर हमार लहू तोहार बलि पर, दाखमधु के जइसन ढाल दिहल भी जाउ, तऽ हमरा खुशी बा। तहरा खुशी में हमार भी हिस्सा बा। 18ओही तरह तूहू खुश रहऽ, अउर हमरा साथ आनन्द मनावऽ।

### तीमुथियुस अउर इपफ्रुदीतुस

19प्रभु यीशु के मदद से, हमरा, तीमुथियुस के तहरा पास, जल्दी ही भेज देबे के उम्मीद बा, जवना से कि तहरा समाचार में, हमार भी हिम्मत बढ़ सके। 20काहेंकि दोसर कवनो अइसन आदमी नइखे, जेकर भावना हमरा जइसन होखसऽ, अउर जे तहरा कल्याण खातिर, सच्चा मन से चिंतित होखे। 21काहेंकि अउर सब, अपना अपना काम में लागल बाड़न। यीशु मसीह के काम में, केहू नइखे लागल। 22तू उनका चरित्र के जानत बाड़ऽ कि सुसमाचार के प्रचार में, हमार उ ओइसहीं सेवा कइले बाड़न, जइसे एगो पुत्र आपन पिता के साथ करेला। 23एह से हमरा जइसही ई पता चली, कि हमरा

साथ का होखे जा रहल बा, तऽ हम उनका के, तहरा पास
भेजे के उम्मीद राखत बानी। 24अउर हमार विश्वास बा कि,
प्रभु के मदद से हम भी जल्दी ही आइब।

25हम ई जरूरी समुझत बानी, कि इपफ्रुदीतुस के तहरा
पास भेजीं, जे कि हमार भाई हऽ, साथी कार्यकर्ता हऽ, अउर
सहयोगी कर्मवीर हऽ, अउर हमरा जरूरत पड़ला पर, हमार
मदद खातिर तहनी लोग के प्रतिनिधि रहल बा, 26काहेंकि उ
तहनी लोग खातिर, ब्याकुल रहत रहल अउर एकरा से बड़ा
चिन्तित रहल, कि तू ई सुनले रहलऽ कि उ बीमार पड़ गइल
रहल। 27हँऽ, उ बीमार तऽ रहे, अउर उहो अतना, कि जइसे
मर ही जाई। बाकी परमेश्वर, ओकरा पर अनुग्रह कइलन
(सिर्फ ओकरे पर ना, बल्कि हमरा पर भी) जवना से कि
हमरा दुख पर दुख मति मिले। 28एही से हम उनका के, अउर
भी तेजी से भेज रहल बानी, कि जब तू, उनका के देखऽ तऽ
एक बार फेरु खुश हो जाऽ, अउर हमार दुख भी चलि जाउ।
29एह से प्रभु में बहुत खुशी के साथ उनकर स्वागत करऽ,
अउर अइसन लोगन के ज्यादा से ज्यादा आदर करत रहऽ।
30काहेंकि, मसीह के काम खातिर, उ करीब-करीब मरि
गइल रहलन, जवना से कि तहरा जरिए कइल गइल हमार
सेवा में, जवन कमी रह गइल रहे, ओकरा के उ पूरा कर देसु,
एकरा खातिर उ आपन प्रान के बाजी लगा दिहलन।

## मसीह सबके ऊपर बाड़न

**3** 1एह से हे हमार भाई लोग, प्रभु में आनन्द मनावत
रहऽ। तहरा के फेरु से ओही सब बात के लिखत रहला
से, हमरा कवनो कष्ट ना होखेला, अउर तहरा खातिर तऽ ई
सुरक्षित बड़ले बा।

2एह कूकूरन से सावधान रहऽ, जे कि कुकर्म में लागल
बाड़ेसन। ओह बुरा काम करे वालन से सावधान रहऽ।
3काहेंकि, सच्चा खतना वाला आदमी तऽ, हमनी के हईं जा,
जे आपन उपासन के परमेश्वर के आत्मा के जरिए अर्पित
करेनी जा। अउर मसीह यीशु पर गर्व राखेनी जा, अउर जवन
कुछ शारीरिक बा, ओकरा पर भरोसा ना करेनी जा। 4ओइसे
हम शरीर पर भी भरोसा कर सकत रहनी। बाकी केहू अउर
अइसे सोचे कि, ओकरा पास शारीरिकता पर विश्वास करे
के बिचार बा, तऽ हमरा पास तऽ उ अउर भी अधिक बा।
5जब हम आठ दिन के रहनी, तऽ हमार खतना कर दिहल
गइल रहे। हम इस्राएली हईं। हम बिन्यामीन के वंश के हईं।
हम इब्रानी माता-पिता से पैदा भइल, एगो इब्रानी हईं। जहाँ
तक व्यवस्था के विधान तक हमार पहुँच के सवाल बा, तऽ
हम एगो फरीसी हईं। 6जहाँ तक हमार विश्वास के सवाल
बा, हम कलीसिया के बहुत सतवले रहनी। जहाँ तक ओह
धार्मिकता के सवाल बा, जेकरा के व्यवस्था के कानून
सिखावेला, हम निरदोष रहनी।

7बाकी जवन हमार लाभ रहे, आज ओकरे के, मसीह
खातिर हम आपन घाटा समुझत बानी। 8एह से भी बड़हन
बात ई बीया, कि हम आपन प्रभु मसीह के ज्ञान के अच्छाई
के कारण, आज तक सब कुछ के हीन समुझेनी। ओही
खातिर हम सब कुछ के त्याग कर दिहले बानी, अउर हम
सब कुछ के नफरत के चीज समुझे लागल बानी, कि मसीह
के पा सकीं। 9अउर ओही में पावल जा सकी-हमार ओह
धार्मिकता के कारण ना, जे व्यवस्था के नियम पर टिकल
रहे, बल्कि ओह धार्मिकता के कारण, जे मसीह में विश्वास
के कारण मिलेले, जवन कि परमेश्वर से मिलेले, अउर जेकर
आधार विश्वास बा। 10हम मसीह के जानल चाहत बानी,
अउर ओह शक्ति के अनुभव कइल चाहत बानी, जवना
से उनकर पुनरूत्थान भइल रहे। हम उनकर कष्ट के भी
हिस्सेदार भइल चाहत बानी, अउर ओही रूप के पा लिहल
चाहत बानी, जवना के उ, आपन मउअत के जरिए पवले
रहलन। 11एह उम्मीद के साथ, कि हमहूँ एह तरह से, मरल
सब में से उठ के, पुनरूत्थान के हासिल करीं।

## मंजिल पर पहुँचे के कोशिश करत रहऽ

12अइसन नइखे कि, हमरा आपन उपलब्धि बीया, चाहे हम
पूरा सिद्ध हो गइल बानी। बाकी, हम ओह उपलब्धि के पा लेबे
खातिर, लगातार कोशिश कर रहल बानी, जवना खातिर
मसीह यीशु, हमरा के आपन बँधुआ बनवले रहलन। 13हे
भाई लोग! हम ई ना सोचेनी, कि हम ओकरा के हासिल
कर चुकल बानी। बाकी बात ई बा कि, बीतल के भुला
के, जवन हमरा सामने बा, ओह मंजिल तक पहुँचे खातिर,
हम संघर्ष करत रहेनी। 14हम ओह मंजिल खातिर लगातार
कोशिश करत रहेनी, कि हम आपन ओह इनाम के जीत
लीहीं, जेकरा के मसीह यीशु में पावे खातिर, परमेश्वर हमनी
के उपर बोलवले बाड़न।

15जवना से कि ओह लोगन के, जे हमनी में से सिद्ध पुरूष
बन चुकल बाड़न, भाव भी अइसने रहे। बाकी अगर तू कवनो
बात के, कवनो अउर ही तरीका से सोचत बाड़ऽ, तऽ तहरा
खातिर ओकर सफाई परमेश्वर दीहें। 16जवना सच्चाई तक
हमनी के पहुँच चुकल बानी जा, हमनी के ओही राह पर
चलत रहे के चाहीं।

17हे भाई लोग, अउर के साथ मिल के हमरा पीछे
चलऽ। जवन उदाहरण हमनी के तहरा सामने रखले बानी
जा, ओकरा मुताबिक जे जियेलन, उनका पर ध्यान दऽ।
18काहेंकि अइसन भी बहुत से लोग बाड़न, जे मसीह के क्रूस
से दुश्मनी राखत जियेलन। हम तहरा के बहुत बार बतवले
बानी, अउर अभिओ हम बिलख बिलख के कह रहल बानी।
19उनकर नाश, उनकर भाग्य बा। उनकर पेट ही, उनकर
ईश्वर बा। अउर जवना पर उनका लजाए के चाहीं, ओकरा

पर उ गर्व करेलन। उनका बस भौतिक चीज के चिन्ता बा।
20बाकी हमनी के जन्म भूमि तऽ स्वर्ग में बीया। ओइजे से
हमनी के, आपन उद्धारकर्ता प्रभु यीशु मसीह के आवे के बाट
जोह रहल बानी जा। 21आपन ओह शक्ति के जरिए जेकरा से
सब चीज उ अपना अधीन कर लेबेलन, हमनी के कमजोर
देह के बदल के, आपन दिव्य देह जइसन बना दीहें।

## फिलिप्पियन के, पौलुस के आदेश

**4** 1हे हमार प्रिय भाई लोग, तू हमार खुशी हवऽ, हमार
गौरव हवऽ। तहरा के जइसे हम बतवले बानी, प्रभु में
तू ओइसहीं मजबूत बनल रहऽ।
2हम यहूदिया अउर संतुखे, दूनो के उत्साह बढ़ावत बानी,
कि तू प्रभु में एक जइसन बिचार बनवले राखऽ। 3हमार
सच्चा साथी, तहरो से हमार आग्रह बा, कि ई महिला सब
के मदद करिहऽ। ई, वलैमेन्स अउर हमार दूसरा सहकर्मी
के साथ, सुसमाचार के प्रचार में हमरा साथ जुटल रहल
बाड़ी लोग। इनकर नाम, जीवन के किताब में लिखल गइल
बाड़े सऽ।
4प्रभु में हमेशा आनन्द मनावत रहऽ। एकरा के हम फेरु
दोहरावत बानी, आनन्द मनावत रहऽ।
5तोहार सहन करे वाली आत्मा के ज्ञान, सब लोगन के
होखे। प्रभु पास में ही बाड़न। 6कवनो बात के चिंता मत
करऽ, बल्कि हरेक हालत में, धन्यवाद सहित प्रार्थना, अउर
विनय के साथ, आपन विनती परमेश्वर के सामने राखत जा।
7एही से, परमेश्वर के ओर से मिले वाली शांति, जे समझ से
दूर बीया, तहरा हृदय के, अउर तोहार बुद्धि के, मसीह यीशु
में सुरक्षित बनवले राखी।
8हे भाई लोग, ओह बात के ध्यान करऽ, जे सच बा, जे
भव्य बा, जे सही बा, जे पवित्र बा, जे आनन्द देबेवाला बा,
जे सराहे लायक बा, चाहे कवनो दोसर गुण, चाहे कवनो
बड़ाई 9जवना के तू हमरा से सीखले बाड़ऽ, पवले बाड़ऽ,
चाहे सुनले बाड़ऽ, चाहे जवना के करत हमरा के देखले
बाड़ऽ। ओह बात सब के अभ्यास करत रहऽ। शांति के स्रोत
परमेश्वर, तहरा साथ रहिहें।

## फिलिप्पी मसीहियन के उपहार खातिर पौलुस के धन्यवाद

10तू जरूर, हमरा भलाई खातिर सोचल करत रहलऽ, बाकी
तहरा ओकरा के देखावे के मौका ना मिलल रहे, बाकी अब
आखिर तहरा में, हमरा खातिर फेरु से चिंता जागल बीया।
एह से हम प्रभु में खूब आनन्दित भइल बानी। 11कवनो
जरूरत के कारण, हम ई नइखीं कहत। काहेंकि हम जवना
भी परिस्थिति में रहीं, हम ओही में संतोष करे सीख लिहले
बानी। 12हम कमी के बीच में रहे के राज भी, जानत बानी
अउर ई भी जानत बानी कि, अमीरी में कइसे रहल जाला।
कइसन भी समय होखे, अउर कइसन भी हालत होखे, चाहे
पेट भरल होखे, अउर चाहे भूखा, चाहे पास में बहुत कुछ
होखे, अउर चाहे कुछ भी मति होखे, हम ओह सब में सुखी
रहे के भेद सीख लिहले बानी। 13जे हमरा के शक्ति देबेला,
उनका जरिए, हम सब हालत के सामना कर सकत बानी।
14कुछ भी होखे, तू हमरा कष्ट में मदद कर के, नीमन
ही कइले बाड़ऽ। 15हे फिलिप्पियन, तू तऽ जानते बाड़ऽ,
सुसमाचार के प्रचार के ओह शुरूआती दिन में, जब हम
मकिदुनिया छोड़ले रहनी, तऽ लेन देन के बारे में, सिर्फ
तोहार कलीसिया के छोड़ के, कवनो अउर कलीसिया हमार
मदद ना कइले रहे। 16हम जब थिस्सिलुनीके में रहनी, हमार
जरूरत पूरा करे खातिर, तू बार बार हमरा के मदद भेजले
रहलऽ। 17अइसन नइखे, कि हमरा उपहार के इच्छा बा,
बल्कि हम तऽ ई चाहत बानी, कि तहरा खाता में लाभ जुटत
चल जाउ। 18तू इपफ्रुदीतुस के हाथ से जवन उपहार, मधुर
गंध भेंट के रूप में, हमरा पास भेजले बाड़ऽ, उ एगो अइसन
स्वीकार करे लायक बलिदान बा, जवना से परमेश्वर खुश
होखेलन। ओह उपहार सब के कारण, हमरा पास जरूरत से
कहीं ज्यादा हो गइल बा, हमरा के पूरा तरह से दिहल गइल
बा, बल्कि ओकरा से भी ज्यादा भरपूर दिहल गइल बा। उ
चीज, मधुर गंध भेंट के रूप में बाड़ी सऽ, एगो अइसन मंजूर
करे वाला बलिदान, जेकरा से परमेश्वर प्रसन्न होखेलन।
19हमार परमेश्वर तोहार सब जरूरत के मसीह यीशु में,
मिलल आपन भव्य धन से पूरा करिहन 20हमनी के परम
पिता परमेश्वर के हमेशा-हमेशा महिमा होत रहे । आमीन।
21मसीह यीशु के हरेक संत के नमस्कार। हमरा साथ
जवन भाई बाड़न, तहरा के नमस्कार करत बाड़े। 22तहरा के
सब संत, अउर खास कर कैसर परिवार के लोग नमस्कार
करत बाड़न।
23तहनी लोग में से हरेक पर, हमनी के प्रभु यीशु मसीह के
अनुग्रह, तोहार आत्मा के साथ रहे।